

## Kisa laj majè a ye ?

Lè nenpòt jèn moun vin gen 18 tan nan Massachusetts, li atenn "laj majè a." Sa vle di yo konsidere yo legalman kòm adilt, avèk dwa ak responsablite adilt. Pa egzanp, yo ka siyen pwòp IEP yo, vote, oswa pran yon prè.

## Poukisa laj majè a enpòtan ?

Tout pwosesis pran desizyon yo ap pase de paran yo a elèv la lè elèv la gen laj majè. Elèv yo ak fanmi yo ta dwe prepare yo alavans epi diskite opsyon elèv yo genyen anvan yo gen 18 tan. Elèv yo ka deside :

- pran tout desizyon legal, finansye ak medikal pou tèt yo,
- pataje responsablite avèk paran yo oswa avèk yon lòt adilt yo chwazi,
- oswa kite yon titè tribinal chwazi pran tout desizyon yo. Anjeneral se paran elèv la yo chwazi kòm titè.

Si pa gen okenn lòt plan ki te fèt alavans, nan 18yèm anivèsè elèv la - kèlkeswa andikap li genyen an - elèv la vin pwòp titè legal konplè l.



## Resous yo

The LINK Center, yon pwojè tranzisyon Federasyon pou timoun ki gen bezwen espesyal : [www.fcsn.org/linkcenter/home/getting-started/age-of-majority/](http://www.fcsn.org/linkcenter/home/getting-started/age-of-majority/)

Sit entènèt Tranzisyon segondè edikasyon espesyal MA ESE a : [www.doe.mass.edu/sped/secondary-transition](http://www.doe.mass.edu/sped/secondary-transition)

Konsèy sou asistans teknik SPED 2011-1 : Laj majè : [www.doe.mass.edu/sped/advisories/11\\_1.html](http://www.doe.mass.edu/sped/advisories/11_1.html)

Lè w vin gen 18 tan : Commonwealth of Massachusetts, Biwo Pwokirè Jeneral la : [www.mass.gov/ago/consumer-resources/your-rights/18/whenyouturn18.pdf](http://www.mass.gov/ago/consumer-resources/your-rights/18/whenyouturn18.pdf)

Lalwa Massachusetts konsènan titèl ak lè tribinal chwazi titèl : [www.mass.gov/courts/case-legal-res/law-lib/laws-by-subj/about/guardian.html](http://www.mass.gov/courts/case-legal-res/law-lib/laws-by-subj/about/guardian.html)



### Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education

75 Pleasant Street  
Malden, MA 02148  
781-338-3000 | [www.doe.mass.edu](http://www.doe.mass.edu)



FEDERATION FOR CHILDREN  
WITH SPECIAL NEEDS

### Federation for Children with Special Needs

The Schrafft Center  
529 Main Street, Suite 1M3  
Boston, MA 02129  
800-331-0688 | [www.fcsn.org](http://www.fcsn.org)

## Konsèy sou tranzisyon pou paran yo ak elèv ki gen IEP yo

(Laj 14-22 zan)



## Pwosesis pran desizyon ak Laj majè

Yon seri bwochi The LINK Center fè. The LINK Center se yon pwojè Federasyon pou timoun ki gen bezwen espesyal ak Depatman Edikasyon Primè ak Segondè nan Massachusetts [Elementary and Secondary Education (ESE)] ap dirije

## Laj majè : Bagay ou bezwen konnen...

### KONSÈY 1 : Aprann dwa ak responsablite w genyen yo lè w gen 18 tan. Lè elèv yo gen 18 tan, yo ka :

- Siyen pwòp IEP yo
  - Enskri pou vote ak sèvi nan yon jiri
  - Ouvri yon kont labank san yon ko-siyatè
  - Achte yon machin oswa siyen yon kontra pou lwaye kay
  - Aplike pou Revni Sekirite Sosyal Sipleman (Supplemental Security Income (SSI) ak MassHealth
  - Aplike pou bon seleksyon lojman Section 8
- \*Tout gason dwe enskri pou Sèvis selektif

*Kòmanse bonè !  
Kòmanse planifye  
pou Laj majè a  
omwen yon ane  
avan 18yèm anivèsè  
elèv la.*

### KONSÈY 2 : Aprann sou kèk opsyon nan pwosesis pran desizyon yo :

- Kont labank konjwen / y ap jere pou minè pèmèt youn oswa plizyè moun jere yon kont
- Elèv ki gen 18 tan an ka nonmen yon defansè pou ede l nan domèn edikasyon, sèvis pou adilt, oswa sijè ki an rapò a lasante
- Elèv ki gen 18 tan ka nonmen yon Mandatè pou swen lasante l ki ka pran desizyon sou swen medikal ak tretman
- Elèv ki gen 18 tan ka siyen yon Pwokirasyon pou pèmèt yon lòt moun pran desizyon finansye pou li
- Administrasyon Sekirite Sosyal la ka nonmen yon "benefisyè reprezantatif" (anjeneral yon manm fanmi) pou jere alokasyon yo
- Yo ka kreye fideyikomis pou jere fon ak lòt byen pou moun ki gen andikap la

- Nan pwosesis kote tribinal chwazi titè l, yon tribinal ka nonmen yon "titè" pou jere bezwen finansye moun ki gen andikap la
- Si elèv la gen andikap grav epi li pa ka pran desizyon pèsònèl ki efikas, yon tribinal ka nonmen yon titè legal k ap gen tout dwa nan pwosesis pran desizyon yo

### KONSÈY 3 : Lè yon elèv vin gen 18 tan, se li k ap siyen pwòp IEP l, amwenske ...

- Li chwazi pou l pataje pwosesis pran desizyon an lè l pèmèt yon paran oswa yon titè patisipe nan reyinyon IEP a epi pou yo siyen IEP a tou, oswa
- Li deside delege pwosesis pran desizyon an lè l pèmèt paran l oswa titè l kontinye pran tout desizyon sou edikasyon yo, oswa
- Yon tribinal nonmen paran an (oswa yon lòt adilt) kòm titè legal epi moun sa a pran tout desizyon pou elèv la

### KONSÈY 4 : Aprann kòman Laj majè a afekte elèv yo nan lekòl la :

- Elèv ki gen 18 tan yo ka fè pwòp chwa yo nan domèn edikasyon, tankou kiyès pou yo envite nan reyinyon IEP a, si yo ta dwe gen yon IEP, ak – nan konvèsasyon avèk Ekip IEP a - ki objektif ak sèvis yo ta dwe enkli nan IEP a
- Distri lekòl yo oblije fè paran an ak elèv la konnen dwa pwosesis pran desizyon yo ap transfere omwen yon ane avan 18yèm anivèsè elèv la
- IEP yo te ekri lè elèv la gen 17 tan dwe gen ladan l yon deklarasyon ki di yo te enfòmè elèv la sou dwa l ap genyen lè l vin gen 18 tan

*Apati lekòl primè,  
soutni elèv yo pou yo  
aprann konpetans nan  
pwosesis pran desizyon  
yo pou yo ka prè pou  
yo vin adilt.*

## Egzanp Opsyon pou pwosesis pran desizyon yo :

**Tony** te enplike anpil nan IEP l yo ak planifikasyon tranzisyon l depi l te vin gen 14 zan. Apre lekòl segondè, li ta renmen ale nan inivèsite epi pou l vin yon defansè pou moun ki gen andikap. Tony te patisipe nan gwoup pou defans pou jèn ki gen andikap e li te vin tounen yon bonjan oto-defansè. Tony ansanm ak paran l yo santi l konprann andikap li ak pwèn fò l yo e li ka pran desizyon poukont li.

**Ana** vle ale nan inivèsite kominotè epi jwenn yon travay nan yon gadri. Li nan wout pou l pran diplòm lekòl segondè men li pa alèz pou l pran desizyon enpòtan poukont li. Ana gen bonjan relasyon ak paran l yo epi avan l vin gen 18 tan li te deside l te vle pataje pwosesis pran desizyon an avèk yo pou yo ka ede l reyisi apre lekòl segondè ak pou l antre nan laj adilt.

**Elias** renmen machin epi li vle vin mekanisyen. Li reyèlman vle pran yon diplòm men li ka pa ka reponn a nòm akademik yo. Paran l yo gen enkyetid sou kapasite l genyen pou l pran bon desizyon san èd yo epi yo te kòmanse pale ak Elias sou opsyon ki genyen nan pwosesis pran desizyon an lè l te kòmanse lekòl segondè. Elias kwè nan paran l yo epi li te deside delege pwosesis pran desizyon an ba yo pou l ka atenn objektif li yo pou lavi apre lekòl segondè.

**Mia** pa pale epi li gen defisyans fizik ak mantal grav. L ap viv ak paran l yo epi li pa ka pran swen oswa defann tèt li. Lè Mia vin gen 18 an, paran l yo ap aplike pou titè legal paske l pa ka pran desizyon efikas pou tèt li epi l bezwen pou paran l yo jere bezwen akademik, medikal ak finansye l yo.